



Lafwa nan Domèn Edikasyon

Dinamize Kominote Relijye Vil New York la sou Sitiyasyon Edikasyon an nan New York

KISA MWEN KA FÈ ANTANKE YON LIDÈ LAFWA?



Ou gen pouvwa ak enfliyans pou w kominike dirèkteman ak timoun epi ak fanmi ki nan difikilte yo e k ap mande tèt yo ak kisa avni apre lekòl segondè ka sanble.

Elaji Orizon W

Konsilte resous ak ekspè pou apwofondi konpreyansyon w sou pakou edikatif yo. Responsabilize tèt ou pou w tounen yon gid referans nan koze rechèch konesans nan kominote w la.

Difize Sajès

Itilize platfòm yo soti nan medya sosyal rive nan sèmon jou dimanch yo pou difize mesaj otonomizasyon nan zafè edikasyon. Pawòl ou yo kapab seme grenn enspirasyon nan chak kwen kominote w la.

Eksplòre Ministè W la

Oryante twoupo jèn ou an nan direksyon lavni epi anvizaje pou lanse yon ministè nan domèn ansèyman siperyè ak oryantasyon pwofesyonèl. Otonomize jèn ki deja angaje nan kongregasyon w lan gras ak konesans ak zouti ki nesèsè pou simonte obstak ki koni yo tankou akonplisman èd finansye (FAFSA), bay pwosesis aplikasyon pou inivèsite a sans ak planifye pou avni pakou pwofesyonèl yo.

Konte sou lidè ki nan kongregasyon w lan ki kapab travay kòm ni konseye ni modèl k ap gide ni jèn yo ni fanmi yo.